



REALIZAÇÃO



PBMIH
Português brasileiro para
migração Humanitária



APOIO





Fòs ou/Kouraj ou
se vwa ou !

OU TE KONNEN SA ?

Lwa Maria da Penha egziste pou pwoteje tout fanm ki ap viv nan Brezil, kèlkeswa peyi kote yo sòti, klas, ras, idantite etnik, oryantasyon seksyèl, revni, nivo edikasyon, lang, laj oswa reliyion.

**Lwa Maria da Penha
la pou ou menm tou,
fanm imigran!**

Kisa ki vyolans domestik la?

Daprè Lwa Maria da Penha (Lwa 11.340 / 2006), **vyolans domestik ak familyal** se nenpòt zak, mo oswa konpòtman ofansif, ki blese entegrite fizik ak/ oswa psikolojik yon fanm pratike pa yon moun ki gen yon lyen familye, afektif oswa entim avèk li.

Agresyon an ka vini de yon:

- Patnè oswa konpayon (ti zanmi, mennaj, mari oswa madanm, elatriye);
- Ansyen patnè oswa ansyen konpayon (ansyen zanmi, ansyen mennaj, ansyen mari oswa madanm, elatriye);
- Manm fanmi yo (frè, sè, bëlsè, bofrè, bòpè, bèlmè, pitit gason, pitit fi, elatriye);
- Lòt moun ki gen yon relasyon afektyez senp, menm si se pa fanmi epi ki pa rete nan menm kay avèk li.

Profil agresè a

84%	12%
Gason	Famn

Relasyon

Konpayon/mennaj	41%
Ansyen konpayon mennaj	12%
Pitit	8%
Ex-mennaj	5%

Sous: Balans Ligue 180 (2019)



OU PA POU KONT OU!

Nan lane 2019, sèvis **Rele nan 180 an** te resevwa plis pase 67 mil rapò/denons sou vyolans domestik ak lòt ki sanblab. Pifò nan plent yo se fanm ki te fè yo:
fanm ki te soufri vyolans lan, zanmi oswa vwazin li.



Pa gen pwoblèm ak kondisyon ou vini nan Brezil e menm si ou:

- **Pa gen dokimantasyon regularize**

oswa

- **Pa avèk dokiman ou yo.**

Ou gen dwa gras ak lwa brezilyèn, epi **denonse/rapòte yon atak pa pral afekte pèmanans ou ak pwoteksyon ou nan Brezil.**

Rapò/denons la se premye etap pou kite vyolans domestik dèyè!

Kalite/tip vyolans domestik ak familyal

VYOLANS MORAL

Nenpòt aksyon ki **ka sal/afekte diyite ou ak repitasyon** oswa anpeche devlopman ou.

VYOLANS PSIKOLOJIK

Nenpòt aksyon **ki lakòz pwoblèm emosyonèl** (imilyasyon ak mo sal/ensilt) ak psikolojik (menas ak chantaj) sou ou, diminye estim pwòp tèt ou.

VYOLANS PATRIMWÀN/ PWOPRIYETE

Nenpòt **zak vyolans kote ke yo retire dokiman idantifikasyon pèsonèl ou** (paspò, RNE, CPF ak lòt) ak/oswa objè travay, byen pèsonèl ak valè nan men ou, detwi an antye oswa an pati.



VYOLANS FIZIK

Nenpòt **aksyon vyolan kote ke agresè a itilize fòs fizik avèk entansyon** pou mete sante ou an risk oswa lakòz pwoblèm nan entegrite fizik ou.

ATANSYON!

Atak yo ka rapòte/denonse pa mwayen **nimewo 180**, menm si yo pa kite tach oswa mak fizik vizib sou kò ou!

VYOLANS SEKSYÈL

Nenpòt **aksyon seksyèl oswa tantativ zak seksyèl kont volonte ou**, ki gen ladan apwochman fizik ak kòmantè seksyèl san volonte ou.




Faz/etap vyalans domestik la

Se ki jan vyalans domestik la an jeneral ka rive, sitou nan relasyon afektiv.

Faz vyalans lan ka ede konprann difikilite ke nou menm, fanm, genyen

pou nou sòti nan relasyon abiziv. Sityasyon sa a ka repete pandan plizyè mwa oswa lane, nan yon fason sikilè:



FAZ 01

Faz tansyon

Atitud agresè a: li **nève epi irite** pou nenpòt ki bagay/ pou anyen. Li rete an kòlè, li ofanse, fè menas, ak imilye fi a.

Atitud fi a: li **eseye kalme** agresè a, li nan detrè sè epi li evite fè nenpòt bagay, paske agresè a irite san rezon. **Kache sitiayson an** pou moun pa konnen epi li santi li koupab, tris, enkyè epi li pè.

Tansyon sa a ogmante pi plis.

FAZ 02

Faz agresyon

Atitud agresè a: li **komèt zak vyolans la**, ki ka vyolans vèbal, fizik, psikolojik, seksyèl, moral oswa patrimwàn.

Atitud fi a: souvan **li santi li jennen**, paralize, li gen difikilte pou dòmi, pèdi pwa, doulè ak enkyetid. Li **rete lwen** agresè a. Ou ka chèche èd, rapòte/denonse, kache kay zanmi ak fanmi.



FAZ 03

Faz lin de myèl

Atitud agresè a: li komèt zak vyalans **la**, ki ka vyalans vèbal, fizik, psikolojik, seksyèl, moral oswa patrimwàn.

Atitud fi a: souvan **li santi li jennen**, paralize, li gen difikilte pou dòmi, pèdi pwa, doulè ak enkyetid. Li **rete lwen** agresè a. Ou ka chèche èd, rapòte/denonse, kache kay zanmi ak fanmi.

Gen yon peryòd kalm, men aprè sa a, tansyon an retounen epi yon epizòd vyalans pi grav kapab repeète.

*Difikilte pou aji ak reyaji se pa fòt ou!
Ou bezwen mete yon fen nan sitiyasyon sa!*




Li posib pou ou nan yon relasyon abizif epi ou pa konnen?

Wi, li posib, paske relasyon yo konplike epi divès. Yon **relasyon abizif** se yon relasyon ki gen pouvwa, manipilasyon ak kontwòl yon moun sou yon lòt.

Identifikasiyon ak rekonesans li difisil, paske gen **diferan tip/nivo abi ak manipilasyon**, yon relasyon abizif pa toujou enplike agresyon fizik.

Atansyon!

Li enpòtan pou sonje ke **agresè a** ka nenpòt moun, men ke **Lwa Maria da Penha** te kreye espesyalman pou pwoteje ou, fanm!



1 Pou facilite konpreyansyon ti liv la, nou pral itilize tèm "patnè", puiske done yo montre ke nan pifò ka yo agresè a se yon gason ke fi a te genyen oswa genyen yon relasyon afektif.



Pi devan, nou pral prezante differan fòm/tip abi. **Li ak anpil atansyon epi reflechi** si youn nan **sitiyasyon sa yo rive nan relasyon ou.**

*Rive rekonèt sa se
premye etapa la!*



VYOLANS PSIKOLOJIK

01. Patnè ou eseye mete restriksyon sou kontak ou ak lòt moun?

Sa rive lè **li** anpeche ou:

- Kite kay la;
- Itilize sèvis komunikasyon, kache telefòn ou, kontwole rezo sosyal ou, fèmen entènèt la, elatriye;
- Gen aksè a lajan ki nesesè pou ou vizite oswa kominike avèk fanmi oswa zanmi ou.

Li ka eseye jistifye itiyasyon an pou ou obeyi li (pa egzanp: li di se pou pwoteksyon ou, se pou lanmou, paske li vle byen pou ou, elatriye).

02. Patnè ou toujou sispèk ke ou enfidèl?

Sa rive lè li:

- Siveye/ kontwole rezo sosyal ou yo (pa egzanp: Whatsapp, Facebook, Instagram);
- Mande prèv (tankou screenshot/kapti ekran oswa foto) ki kote epi ak ki moun ou ye, oswa sou ki sijè w'ap pale;
- Toujou akize ou de trayizon ;
- Entèdi ou wè kèk moun pou tèt jalouzi.

03. Patnè ou ensiste pou konnen ki kote ou ye tout tan?

Sa rive lè li:

- Voye mesaj oswa rele ou chak tan, siveye chemen ou ak woutin ou;
- Enstale aplikasyon siveyans vityèl sou telefòn ou.

04. Patnè ou fè ou santi ou mal, kilpabilize ou?

Sa rive lè li:

- Ofanse ou ak betiz/mo sal;
- Fè kòmantè ofansif ki gen rapò ak aparans ou, entèlijans ou, elatriye;
- Trete ou ak enferyorite (tankou si ou pa kapab pran pwòp desizyon ou);
- Pa apresye opinyon ou oswa entèdi ou pale;
- Pase plizyè tan oswa plizyè jou san li pa pale avèk ou.



05. Patnè ou deside ki rad ou dwe mete?

Sa rive **lè li** anpeche oswa oblije ou mete sèten kalite rad.

06. Patnè ou mande pou ou mande li pèmisyon anvan ou ale chèche yon sèvis esansyèl?

Sa rive **lè li egzije** pou ou mande li pèmisyon pou ou ale pran kèk swen oswa sèvis ou bezwen, tankou:

- Bank;
- Biwo achiv/rejis;
- Ministè Travay;
- Konsiltasyon sante (tankou doktè, jinekològ , psikològ);
- Ki gen rapò ak edikasyon (tankou ale nan kou Pòtigè).

07. Patnè ou menase ou pou ou pa denonse/rapòte ke ou sibi vyolans?

Sa rive **lè li** di ke ou:

- Pral rete pou kont ou, san kay, san manje, si yo ta arete li oswa anpeche li kontakte ou;
- Pap gen sipò emosyonèl, finansye oswa fanmi;
- Pap kapab travay ni viv nan peyi a san li;
- Pa anyen nan peyi sa san li;
- Pa pale lang lan oswa pale ti kras, poutèt sa ou pap kapab siviv

Ou kapab santi ou izole epi ou pè densonse/rapòte. **Li enpòtan pou ou konnen** ke menm si li se yon imigran, **li pral reponn daprè lwa brezilyèn!**



VYOLANS PATRIMWÀN/PWOPRIYETE

08. Patnè ou menase ou paske ou pa gen dokiman oswa paske ou se yon imigran nan Brezil?

Sa rive **lè li** fè menas li di ke dokiman ou yo pa valab oswa paske ou pa gen dokiman tankou:

- **CRNM** – Kat Enskripsyon Nasyonal Migrasyon (ansyen CIE / RNE);
- **DP-RNM** – Dokiman Pwovizwa Rejis Migrasyon Nasyonal;
- Pwotokòl Refij;
- Paspò;
- **CPF** – Enskripsyon pèsòn fizik;
- Kat travay.

Li ka bay manti epi di ke ou pa ka mande èd, chèche yon travay oswa itilize resous sistèm publik yo paske ou se yon imigran.

Menm si **ou pa gen oswa ou pa avèk dokiman** ki regularize rezidans ou nan Brezil, **ou gen dwa pou mande èd** epi ou sipoze resevwa sèvis nan sistèm publik brezilyen a. Kèlkeswa kondisyon/jan ou vini ou nan peyi a, kounye a sou teritwa brezilyen a, gen dwa ak lwa brezilyen kote pesonn pa gen pwopriyete sou ou.

09. Patnè ou anpeche ou travay oswa etidye?

Sa rive **lè li**:

- Pa kite ou travay oswa etidye;
- Anpeche ou chache / kenbe yon travay oswa yon kou;
- Kache oswa chire/boule/mouye paspò ou, dokiman pèsònèl ou, kat travay ou pou anpeche enskripsyon ou;
- Rann deplasman ou difisil pou ou ale yon kote.

Li ka bay manti lè li di bagay tankou "sa a se pa bagay yon fanm", "ou pral tronpe mwen" oswa pito ou rete nan kay la pran swen timoun yo, elatriye.



VYOLANS MORAL

10. Patnè ou te imilye ou devan lòt moun?

Sa rive **lè li:**

- Gaye manti sou ou;
- Trete ou mal;
- Meprize ou.

Atansyon, sa kapab rive:

- An pèsòn oswa sou entènèt;
- Devan manm fanmi, moun pwòch oswa enkoni;
- Avèk objektik pou atenn ou epi fè ou mal.

11. Patnè ou pataje foto entim oswa vidyeo ou déjà san pèmisyon ou?

Sa rive **lè li** pataje foto, vidyeo, oswa mesaj prive bay lòt moun san pèmisyon ak/oswa pibliye yo sou entènèt.

Atansyon: ou ka dakò oubyen pa dakò fè foto oswa vidyeo entim,
men sa pa pèmèt li pataje yo.



VYOLANS FIZIK

12. Patnè ou blese ou déjà pa eksprè?

Sa rive **lè li** itilize fòs fizik pou atake ou, tankou:

- Pouse, choute, trennen oswa frape ou;
- Pouse ou / souke ou;
- Peze ou / kenbe ou;
- Trangle oswa boule ou;
- Menase ou ak yon zam, kouto oswa nenpòt lòt objè.

13. Patnè ou bloke aksè ou déjà resous debaz?

Sa rive **lè li** anpeche ou:

- Manje;
- Gen aksè a ijyèn debaz (pa egzanp, anpeche'w benyen oswa gen savon, sèvyèt sanitè, chanpou, papye twalèt, elatriye);
- Dòmi / kontwole somèy ou.



14. Patnè ou mare ou déjà oswa fèmen ou pou entèdi ou kite kay la?

Sa rive **lè li** anpeche ou kite kay la, epi di ak fè bagay tankou:

- Di se pou byen ou;
- Li ap panse pou pwoteksyon ou;
- Li pa konfye nan ou;
- Kache kle yo;
- Anpeche ou gen kontak ak vwazen epi manm fanmi ou.

15. Patnè ou gen tandans agresif epi aprè mande eskiz, ki montre li regrèt?

Sa rive **lè li** atake ou epi aprè sa a, li regrèt:

- Li mande eskiz, li vin janti yon sèl kou;
- Achte kado pou ou epi komanse trete ou byen;
- Jistifye konpòtman sa paske li bwè oswa itilize dwòg, paske li pèdi kontwòl, li di ke se fòt ou.



VYOLANS SEKSYÈL

16. Sa rive ou déjà ou fè nenpòt pratik seksyèl san ou pa vle?

Sa rive lè:

- Li menase ou pou ou fè sèks;
- Li itilize fòs fizik pou fòse ou fè kèk pratik seksyèl;
- Li fòse ou fè kèk kalite pratik seksyèl pou jwenn sèvis, pwodwi debaz oswa menm pou peye dèt ou te peye pou ou vini oswa rete nan Brezil;
- Ou pa ka di patnè ou non pa rapò ak zak seksyèl la;
- Ou fè sèks sèlman pou satisfè dezi li yo.

Pratik seksyèl fòse kapab:

- | | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> Sèks avèk li; Sèks ak lòt moun; Sèks an echanj pou lajan oswa machandiz; | <ul style="list-style-type: none"> Gade ak / oswa resevwa pònografi; Fè foto oswa filme/fè video ou toutouuni; Fè kèk lòt pratik seksyèl degradan oswa imilyan. |
|--|--|

17. Patnè ou anpeche ou itilize kontraseptif? Oswa fòse ou sèvi ak li?

Sa rive lè li:

- Anpeche ou itilize kontraseptif oswa nenpòt lòt metòd kontraseptif ou vle (tankou piki, plak/metòd adezif, esterilè oswa konprime);
- Refize itilize oswa retire kapòt pandan sèks;
- Fòse ou sèvi ak metòd kontrasepsyon.



18. Patnè eseye fòse ou fè yon avòtman deja?

Sarive **lè li:**

- Menase ou pou fè avòtman;
- Atake ou fizikman pou fè avòtman;
- Mete kèk sibstans avòtman nan manje ou oswa bagay pou ou bwè;
- Pa baw aksè a swen medikal, sa ki ka domaje gwosès la.

E KONYE A?



Si ou idantifye tèt ou ak **nенпот pwen nan paj anteryè yo**, nou konseye/oryante ou **chache èd espesyalize**, paske ou ka an risk oswa nan yon **relasyon abizif**.



Pandan nou ap panse ak ou, nou te prepare yon **gid ak prensipal sant asistans ak sipò pou fanm nan eta Paraná**. Ladan, ou ka jwenn yon rezo sipò ki pi pre lakay ou!

Pou ou jwenn Gid la, vizite:



oswa

www.pbmihufpr.com/post/como-pedir-ajuda

Sou tout teritwa brezilyen an, ou ka **denonse/rapòte ka vyolans domestik** pa telefòn nan **Sant denons/Rapò**, rele nan 180 (Central de Denúncias, disque 180), oswa mande èd/sekou nan men **Polis Militè**, rele nan 190 (Polícia Militar, disque 190).

ATANSYON



NIMEWO 180 SANT DENONS

Rele nan 180 an se yon sant telefòn espesyal pou resevwa denons/rapò sou vyolans sou fanm. Plent/denons lan anonim, gratis, sèvis la se pou tout fanm sou teritwa brezilyen an, epi li fonksyone 24 sou 24. (Sèvis la an Pòtigè, Panyòl ak anglè).



NÚMERO 190 CENTRAL DE EMERGÊNCIAS – POLÍCIA MILITAR

190 la se nimewo pou itilize **lè vyolans la ap fèt** epi ou menm oswa yon lòt fanm bezwen èd. Sèlman lè sitiyasyon an kalme , rele 180 pou rapòte/denonse ka a. (Sèvis sa an Pòtigè).

REALIZAÇÃO



PBMIH

Português brasileiro para
migração Humanitária



APOIO



Expediente

Esta é uma cartilha sobre violência doméstica voltada para mulheres migrantes e refugiadas. Foi elaborada pelo projeto de extensão Português Brasileiro para Migração Humanitária da Universidade Federal do Paraná (PBMIH - UFPR), pelo Projeto de Extensão Observatório de Direitos Humanos e pela Cáritas Brasileira Regional Paraná com o apoio do Alto Comissariado das Nações Unidas para Refugiados - ACNUR. O material está disponível em 6 idiomas (português, árabe, inglês, espanhol, crioulo haitiano e francês).

Licença:



Creative Commons CC BY-NC-SA

Coordenação geral

Angélica Furquim (Cáritas-PR) | Cláudia Zácar (UFPR) | Danielle Annoni (UFPR) | Jeniffer Albuquerque (UTFPR) | Maria Gabriel (UFPR) | Márcia Ponce (Cáritas-PR)

Desenvolvimento e criação de conteúdo

Camila Akemi Aoto (UFPR) | Cláudia Zácar (UFPR) | Diovana Mazur (UFPR) | Isabelle Borowski (UFPR) | Jeniffer Albuquerque (UTFPR) | Júlia Pandini (UFPR) | Júlia Santos (UFPR) | Maria Fernanda Mileski (UFPR) | Maria Gabriel (UFPR) | Mariana Provenzi | Raphaella R. J. S. Develis (UFPR) | Vanessa Diamante Rohden (UFPR)

Levantamento de redes de apoio

Aline Cristine Bispo (UFPR) | Ana Letícia Szkudlarek (UFPR) | Danielle Annoni (UFPR) | Isabella Ivankio (UFPR) | Marina de Fátima da Silva (UFPR) | Nathália Helena Ribas Machado Gomes (UFPR) | Silvana Correa Neuwirth (UFPR) | Silvana Hoshino da Costa (UFPR) | Stella Rodrigues Oliveira (UFPR) | Sumaya Rathge San't Anna (UFPR) | Valentina Maria Penso Bocchi (UFPR)

Traduções

Elie Pucheral – francês | Gabriel Munhoz de Mello (UFPR) – inglês | Jerson Compere (UFPR) – crioulo haitiano | Jibril Keddeh (PUC-PR) – árabe | José A. Vanzela Junior (UFPR) – francês | Sarah Marolo Gonçalves (UFPR) – espanhol

Revisão de Tradução

Elie Pucheral – francês | José A. Vanzela Junior (UFPR) – francês | Mágida Kamel Hilal – árabe | Pâmela Cabral (UFPR) – português | Patrick Decher Bondaruk (Universidade Positivo) – inglês | Rony Remy (UFPR) – crioulo haitiano | Tuanny Eugenio (UFPR) – espanhol

Projeto Gráfico

Mariana Provenzi e Maria Gabriel (UFPR)

Diagramação

Diovana Mazur (UFPR) - francês | Isabelle Borowski (UFPR) – inglês | Júlia Pandini (UFPR) – crioulo haitiano | Mariana Provenzi – português | Rafaella Pereira Ferraro (UFPR) – espanhol | Vanessa Diamante Rohden (UFPR) – árabe

Ilustração

Diovana Mazur (UFPR), Isabelle Borowski (UFPR) e Mariana Provenzi

Infográfico

Vanessa Diamante Rohden (UFPR)

CONTATOS

Projeto de Extensão Português Brasileiro para Migração Humanitária-PBMIH

e-mail: pbmih.ufpr@gmail.com · **site:** www.pbmihufpr.com

Projeto de Extensão Observatório de Direitos Humanos

e-mail: observatorio-direitos-humanos@outlook.com

Cáritas Brasileira Regional Paraná

e-mail: caritaspr@caritas.org.br · **site:** pr.caritas.org.br



REALIZAÇÃO



Português brasileiro para
migração Humanitária



CÁRITAS
BRASILEIRA
Regional Paraná



UNHCR
ACNUR

Agência da ONU para Refugiados

APOIO

